

# Kisa Pou Konnen Sou Mpox

**Nan mwa Out 2024, Òganizasyon Mondyal Lasante te deklare Mpox kòm yon ijans sante piblik nan nivo enkyetid entènasyonal.**

Mpox, yon maladi viral ke yo te rele deja viris makak, gaye sitou nan kontak entim, sèks, oswa kontak pwolonje po a po ak yon moun ki gen viris la. Pifò ka Mpox yo raman fatal, sepandan kèk maladi grav ka rive nan ka ki ra.



## Kimoun ki a risk

- Nenpòt moun ka pran Mpox paske viris la pa limite a sèks oswa oryantasyon seksyèl. Li enpòtan pou w rete pwoteje ak enfòm sou viris la. Sepandan, dapre ka aktyèl yo, yo plis jwenn viris la lakay moun ki idantifye kòm masisi, biseksyèl, lòt gason ki fè sèks ak gason; moun transjanr; moun ki pa aliye avèk sèks yo; ak moun ki pa binè.
- Moun ki gen VIH oswa lòt kondisyon iminitè, jèn timoun, granmoun aje, moun ki ansent, oswa ki gen sèten kondisyon po gen plis risk pou yo vin malad grav.

## Kijan mwen ka rete pwoteje ?


- Moun ki a risk pou ekspozé yo ka resevwa vaksen JYNNEOS la. Vaksen de-dòz la gratis epi li disponib pou Nouyòk yo kèlkeswa sitiyoasyon imigrasyon, oryantasyon seksyèl, oswa idantite sèksyèl. Vaksen an efikas nan diminye risk pou enfeksyon ak sentòm si w enfekte.
- Pou jwenn yon sit pou pran vaksen an, Ou ka vizite [Lokalizatè Vaksen Mpox CDC](https://www.vaccinefinder.nyc.gov) oswa [vaccinefinder.nyc.gov](https://www.vaccinefinder.nyc.gov).
- Pou plis rete pwoteje, konsidere bagay sa yo:
  - Evite oswa limite kontak entim oswa sèks ak patnè anonim yo.
  - Evite fèt ki gen anpil moun ak anbyans dans kote ou ka gen kontak entim pwolonje ak plizyè pati.
  - Pale ak patnè entim ou a (yo) si ou gen gratèl oswa sentòm ki konsistan avèk Mpox epi chèche tès oswa tretman.
  - Lave men w souvan epi pa pataje rad, sèvyèt, bwòs dan.
  - Byen netwaye men, jwèt sèks, dra ak kouvrel, ak sèvyèt apre sèks.



REMAK: Yo bay dokiman sa a pou rezon enfòmasyon jeneral sèlman, epi li pa ranplase konsèy medikal pwofesyonèl. Tout lyen sit entènèt yo ajou apati 2024.08.21 epi yo sijè a chanje.

## Avèk ki sentòm mwen ta dwe fè atansyon?

- Si w montre gratèl oswa maleng, kontakte yon founisè swen sante imedyatman. Apre ou fin ekspozé, li ka pran kèk jou jiska semèn anvan sentòm yo kòmanse parèt epi li ka dire 2 a 4 semèn.
- Sentòm Mpox yo gen ladan:
  - Gratèl, maleng, oswa ti anpoul sou kò w, sitou alantou men, pye, pwatrin, figi, jenital, ak nan dèyè.
  - Lafyè, maltèt, doulè nan misk, frison, fatig, ak gangliyon lenfatik anfle.
- Si ou prezante sentòm sa yo, kontakte yon founisè swen sante imedyatman.



## Kisa mwen ta dwe fè si mwen malad?

- Si w santi w malad, kontakte yon founisè swen sante ki ka tcheke sentòm ou yo epi voye w al fè tè. Pandan ou pa santi w byen, asire w ke w pran prekosyon sa yo pou pwoteje tèt ou ak lòt moun jiskaske tout maleng Mpox ou yo geri epi nouvo po a fòme, ki anjeneral pran apeprè de a kat semèn depi lè maleng yo te premye parèt.  
Ou ta dwe:
  - Pa fè sèks oswa lòt kontak fizik entim ak lòt moun.
  - Lave men yo souvan ak savon ak dlo oswa itilize yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl apre ou fin gen kontak dirèk ak gratèl la oswa maleng yo.
  - Rete lwen bèt kay ak bèt (epi pa kite yo toupre fatra w, dra ak kouvrel, ak sèvyèt) paske yo ka pran viris la tou.
- Pandan w enfekte ak Mpox epi ou montre sentòm grip yo, ou ta dwe izole tèt ou epi evite kontak lòt moun jan ou kapab jiskaske sentòm yo disparèt.
- Si ou pa gen lafyè, frison, oswa sentòm respiratwa, ou kapab rete bò kote lòt moun oswa deyò kay la men ou ta dwe:
  - Konplètman kouvri gratèl ak maleng ak rad, gan, ak pansman.
  - Mete yon mask figi ki byen adapte.
  - Chita omwen 6 pye lwen lòt moun lè w ap manje oswa lè w ap bwè.
  - Evite kontak fizik ak lòt moun nan espas ki gen anpil moun ak transpò piblik.
  - Siye espas piblik oswa espas pataje yo ak dezenfektan.
  - Pa pataje oswa kite lòt moun manyen rad ou, sèvyèt, dra oswa kouvrel oswa kabann ou.
  - Pa pataje asyèt, manje, bwason oswa istansil yo.

## Resous

Òganizasyon Mondyal  
pou Lasante  
[who.int](https://www.who.int)



Lokalizatè Vaksen Mpox Sant  
pou Kontwòl Maladi  
[cdc.gov/mpox](https://cdc.gov/mpox)



NYS Department of Health  
[health.ny.gov/mpox](https://health.ny.gov/mpox)



Depatman Sante NYS  
[nyscho.org/directory](https://nyscho.org/directory)



Chèchè Vaksen Vil New York  
[vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov)

